



Ages & Stages Questionnaires®



Soti nan 3 mwa 0 jou pou rive nan 4 mwa 30 jou

Kesyonè 4 mwa

Tanpri souple, reponn kesyon sa yo. Sèvi ake yon plim ki gen lank ble oswa lank nwa epi ekri byen pou tout moun ka li.

Ekri dat you ranpli kesyonè a: _____

Enfòmasyon sou timoun nan

Siyati timoun nan: _____ Inisyal non batèm li: _____ Prenon timoun nan: _____

Ki sèks timoun nan: Gason ☐ Fi ☐ Dat nesans li: _____

Si timoun nan fèt sou 3 semèn avan tèm osnon plis, make sou konbyen semèn li fèt avan tèm: _____

Moun kap ranpli kesyonè sila a se

Prenon: _____ Inisyal non batèm li: _____ Siyati: _____

Kisa ou ye pou timoun nan: Paran ☐ Moun ki responsab timoun nan nan gadri ☐ Traveyè sosyal oswa travayè lasante ☐

Pwofesè ☐ Granpè / granmè oswa yon lòt paran ☐ Fanmi ki adopte timoun nan (pansyon timoun) ☐

Yon lòt moun ☐ _____

Adrès ri a: _____ Vil: _____

County: _____ Kòd postal: _____

Pwovens: _____ Nimewo telefòn kay la: _____

Yon lòt nimewo telefòn: _____

Adrès imèl: _____

Bay non tout moun kap ede'w ranpli kesyonè a: _____

Enfòmasyon sou pwogram lan

Nimewo idantifikasyon timoun nan #: _____

Laj timoun nan lè yo anrejistre'l (bay konbyen mwa ake konbyen jou): _____

Nimewo pwogram lan #: _____ Non pwogram lan: _____

Laj yo ajiste a si timoun nan te fèt avan tèm (bay konbyen mwa ake konbyen jou): _____



Kesyonè 4 mwa

Soti nan 3 mwa 0 jou pou
rive nan 4 mwa 30 jou

Pwen ki enpòtan pou sonje:

- ✓ Eseye fe chak aktivite ak tibebe ou anvan w bay yon repons
- ✓ Fè jwèt reponn kesyon sa yo, yon fason pou nou toude jwenn plezi.
- ✓ Asire ke tibebe ou byen repoze epi manje.
- ✓ Tanpri voye kesyonè a tounen oplita: _____

Nòt:

Nan paj k ap vini yo gen kesyon sou aktivite tibebe ka fè. Tibebe ou ka ge ntan fè kèk nan aktivite ki dekri la a, e ka gen kèk nan yo tibebe ou poko kòmanse fè. Pou chak bagay, tanpri plen ti wonnki endike si tibebe ou fè aktivite a souvan, pafwa, oswa poko.

Kominikasyon	Wi	Pafwa	Poko	
1. Èske ti bebe'w ka ri tou dousman?	☐	☐	☐	—
2. Apre ou fin deplase devan je li, epi ou retounen, èske tibebe ou souri oswa kontan wè'w?	☐	☐	☐	—
3. Èske tibebe ou sispann kriye lè li tande vwa yon lòt moun, ki pa vwa'w?	☐	☐	☐	—
4. Èske tibebe ou fe bri ki pike?	☐	☐	☐	—
5. Èske tibebe ou ri?	☐	☐	☐	—
6. Èske tibebe ou fè son lè l ap gade jwèt oswa moun?	☐	☐	☐	—

Total nan seksyon Kominikasyon _____

Gwo Misk	Wi	Pafwa	Poko	
1. Pandan tibebe ou sou do, èske li vire tèt li a goch a dwat?	☐	☐	☐	—
2. Pandan tibebe ou sou vant, èske li kontrolè tèt li lè l'ap desan tèt li a tè'a san li pa kite tèt li tonbe?	☐	☐	☐	—
3. Lè tibebe ou sou vant, èske li kenbe tèt li anlè san manton li pa touche a tè'a. Distans ant manton li avek atè'a dwe a pe prè twa pous pou plis o mwen 15 segonn?	☐	☐	☐	—



Gwo Misk	kontinye	Wi	Pafwa	Poko	
4. Lè tibebe ou sou vant, èske li soulve tèt li dwat, ap gade tout kote? (Li gendwa apiye sou bra l pandan l ap fè sa.).		☐	☐	☐	—
5. Lè w kenbe l nan pozisyon pou li chita, èske tibebe ou kenbe tèt li dwat?		☐	☐	☐	—
6. Pandan tibebe ou sou do, èske tibebe ou mete men li ansam sou pwatrin li pandan li touche dwèt li?		☐	☐	☐	—

Total nan seksyon Gwo Misk _____

Ti Misk	Wi	Pafwa	Poko	
1. Èske tibebe ou kite men li louvri nèt oubyen louvri anpati (olye li mare pwen li, tankou jan yo te ye lè li te yon tibebe ki fèk fèt)?	☐	☐	☐	—
2. Lè ou mete yon jwèt nan men li, èske tibebe ou souke li nan li nan tout sans, omwen pou yon ti tan?	☐	☐	☐	—
3. Èske tibebe ou rale rad li oubyen li grate rad li?	☐	☐	☐	—
4. Lè w mete yon jwèt nan men li, èske tibebe ou kenbe li pou apeprè 1 minit pandan l ap gade jwèt la, l ap souke li, oswa l ap eseye mòde jwèt la?	☐	☐	☐	—
5. Èske tibebe ou rape oubyen grate dwèt li sou yon sifas ki devan li, swa pandan yo fè li chita oubyen lè li souvan?	☐	☐	☐	—
6. Lè w kenben tibebe ou pou fè li chita, èske li eseye pran yon jwèt ki toupre sou yon tab ki pi pre li, menmsi men li di e li pa ka arive touche jwèt la?	☐	☐	☐	—

Total nan seksyon Ti Misk Piti _____

Rezoud Pwoblèm	Wi	Pafwa	Poko	
1. Lè ou deplase yon jwèt tou dousman sòti yon bò ale yon lòt bò devan figi tibebe ou (apeprè a 10 pous), èske tibebe ou swiv jwèt la ak zye li, pafwa li vire tèt li?	☐	☐	☐	—
2. Lè ou deplase yon ti jwèt anlè ak anba tou dousman devan figi tibebe ou (apeprè a 10 pous), èske tibebe ou jwèt la ak zye li?	☐	☐	☐	—
3. Lè w kenbe tibebe ou nan pozisyon pou li chita, èske li gade yon jwèt (apeprè gwosè yon tas, oswa yon ti tchatcha) ou mete sou tab, oubyen atè devan li?	☐	☐	☐	—
4. Lè ou mete yon jwèt nan men li, èske tibebe ou gade jwèt la?	☐	☐	☐	—
5. Lè ou mete yon jwèt nan men li, èske tibebe ou mete jwèt la nan bouch li?	☐	☐	☐	—
6. Lè ou balanse yon jwèt anlè tibebe ou pandan li kouche sou do, èske tibebe ou ajite men li nan direksyon jwèt la?	☐	☐	☐	—



Total nan seksyon pou Rezoud Pwoblèm _____

Pèsonèl Sosyal	Wi	Pafwa	Poko	
1. Èske tibebe ou gade men li?	☐	☐	☐	—
2. Lè ti bebe'w mete men li ansanm, eske li jwe avek dwet li?	☐	☐	☐	—
3. Lè tibebe ou wè tete oswa bibwon, èske li sanble ke lkonnen ke yo pral fè li manje?	☐	☐	☐	—
4. Èske ti bebe'w ede kenbe bibwon avek tou de men li lè w'ap ba li manjé, èske'l kenbe tete'a avek men'l poukon't li lè men'l vid?	☐	☐	☐	—
5. Anvan ou souri oswa anvan ou pale a tibebe ou, èske li souri lè li wè ou toupren?	☐	☐	☐	—



Pèsonèl Sosyal kontinye

Wi Pafwa Poko

6. Lè li devan yon gwo glas oubyen miwa, èske tibebe ou souri oswa li babye ak tèt li?


☐ ☐ ☐ —

Total nan seksyon Pèsonèl ak Sosyal _____

Seksyon an jeneral *Paran ak founisè swen ka sèvi ak espas ki anba a pou ajoute kòmantè.*

1. Èske tibebe ou sèvi byen menm jan ak toude men ni toude pye?
Si se non, eksplike:

Wi ☐ Non ☐

2. Lè ou ede ti bebe ou kanpe, èske leplisouvan pye li plat sou sifas li kanpe a?
Si se non, eksplike:

Wi ☐ Non ☐

3. Èske ou enkyete poutèt ti bebe ou rete twò dousman, oswa li pa fè son tankou lòt tibebe? Si wi, eksplike:

Wi ☐ Non ☐

4. Èske youn nan paran yo gen yon istwa nan fanmi de timoun soud, oswa ki gen pwoblèm tandè? Si se wi, eksplike:

Wi ☐ Non ☐

5. Èske w enkyete pou vizyon tibebe ou? Si se wi, eksplike:

Wi ☐ Non ☐

6. Èske tibebe ou te gen yon pwoblèm medikal nan dènye mwa ki sot pase yo?
Si se wi, eksplike:

Wi ☐ Non ☐

7. Èske w enkyete pou konpòtman tibebe ou? Si se wi, eksplike:

Wi ☐ Non ☐

8. Èske gen yon bagay ki enkyete w konsènan tibebe ou? Si se wi, eksplike:

Wi ☐ Non ☐